



**Homeland  
Security**

## **Deklarasyon DHS Statement sou Sekirite ak Aplikasyon la lwa sou Imigrasyon pandan Tanpèt Tropikal Henri a**

Dat Publikasyon an: 20 out 2021

Depatman Sekirite Teritoryal la (DHS) ap siveye ak anpil atansyon enpak potansyèl Tanpèt Twopikal Henri a. Priorite prensipal nou konsantre sou prezèvasyon lavi ak sekirite.

Nan absans sikonstans ekstraòdinè, Ranfòsman Imigrasyon ak Ladwàn (ICE) ak Pwoteksyon Fwontyè ak Ladwàn (CBP) pa pral antreprann ranfòsman imigrasyon nan zòn kote yo ap bay sekou pou katastwòf ak ijans, tankou sou wout evakyasyon yo, nan anplasman ke yo itilize pou abrite oswa distriye atik dijans, manje oswa dlo, oswa anplasman anrejistremant pou èd ki gen pou wè avèk katastwòf oswa reyinifikasyon fanmi ak moun ki pwòch yo.

Responsab DHS yo pap epi yo pa pral pase pou moun kap bay enfòmasyon ki asosye avèk ijans pou yo ta mennen aktivite ranfòsman.